

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra téh mangrupa eunteung tina kaayaan sosial nu aya di sabudeureun masarakat jeung kréativitas pangarangna. Ngaliwatan karya sastra, pangarang ogé bisa nepikeun ma'na jeung ajén kahirupan masarakatna. Ku kituna karya sastra minangka gambaran ngeunaan kahirupan masarakat. Sakumaha nu di tepikeun ku Kurniawan (2015:3) yén karya sastra mangrupa produk budaya nu ngagambarkeun ngeunaan sistem sosial jeung budaya di tempat dumukna pangarang.

Lian ti éta, sastra mangrupa hiji karya seni fiktif tur kréatif nu dijieun ku manusa ngaliwatan prosés mikir. Ieu hal luyu jeung pamadegan Wellek & Warren (2014, kc. 3) yén sastra mangrupa hiji kagiatan kréatif dina karya seni. Nilik wangun karya sastra téh dibagi tilu, nyaéta wangun lancar (prosa), wangun ugeran (puisi), jeung carita drama. Salah sahijina nyaéta drama, karya sastra wangun carita drama mangrupa salah sahiji hasil karya sastra anu kiwari teu pati loba mun dibandingkeun jeung jumlah hasil karya sastra Sunda séjénna, boh prosa, boh puisi. Karya sastra drama leuwih saeutik dibanding carpon atawa novél. Naskah drama mangrupa élemén anu paling penting dina pagelaran. Anirun (1999, kc.71) nétélakeun yén naskah drama mangrupa instansi kahiji nu boga peran penting saacan nepi ka sutradara. Hartina, naskah drama mangrupa élemén anu paling penting dina pagelaran. Pikeun ngeuyeuban naskah drama anu saeutik, pangarang biasana sok nyaritakeun kajadian sarta kaayaan anu keur karandapan di sabudeureun masarakat. Bisa ogé anu karampa tur katingali ku pangarangna sorangan.

Téma-téma sabudeureun masalah sosial réa diangkat dina karya sastra pikeun dijieun kritik, éta hal miboga udagan sangkan pamaca boga sawangan anu bener tina karya nu dibacana. Karya sastra méré pangaruh gedé kana kasadaran pamaca ngeunaan bebeneran kahirupan, pangarang katut karyana, salah sahijina nyaéta drama téh boga peran jadi panggeuing jeung pangéling-éling keur masarakat. Méré luang malah mandar jadi piwulang keur masarakat dina ngalakonan kahirupanna. Hartina, drama hususna nu ngandung ajén kritik kana masalah sosial mangrupa élemén anu penting keur kahirupan masarakat. Kiptiyah (2015, kc. 12) nétélakeun

yen karya sastra nyaritakeun kahirupan manusa dina interaksina jeung diri sorangan katut lingkunganna. Karya sastra mangrupa penghayatan sastrawan kana kondisi lingkunganna.

Drama bisa ditalungtik ku sababaraha pamarekan. Hiji karya sastra bakal katinggali hadé, upama ditalungtik ku pamarekan nu luyu jeung éta karya. Kitu deui pamarekan sosiologi sastra pamarekan sosiologi sastra; karya sastra, aspék sosiologi karyana, aspék sosiologi pangarangna, sarta sosiologi nu macana. Nurutkeun Wellek jeung Warren (2014, kc. 53) sosiologi sastra kabagi jadi tilu bagian, di antarana sosiologi pangarang, sosiologi karya, jeung sosiologi pamaca. Dina enas-enasna, sosiologi miboga udagan pikeun ngulik unsur di antara masarakat jeung kahirupan manusa.

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar. Ieu naskah drama dipilih sabab sakabeh tokoh dina ieu naskah miboga karakter anu kuat, eusi carita loba ngabahas ngeunaan masalah-masalah sosial, jeung asup nominasi Hadiah naskah drama *favorit* Festival Drama Basa Sunda taun 2018.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta nu dilaksanakeun ku Purnomo (2015) nu medar ngeunaan kritik sosial dina naskah drama *RT 0 RW 0* karya Iwan Simatupang nu maké ulikan sosiologi sastra jeung impleméntasi bahan ajar siswa SMA. Hasil tina éta panalungtikan kapanggih kritik sosial nu aya dina naskah drama *RT 0 RW 0* karya Iwan Simatupang kabagi jadi lima, nyaéta kritik sosial kana masalah moral jeung étika, ékonomi, logika jeung nalar, hédonisme, jeung pangaweruh. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Kiptiyah (2015) ngeunaan carpon *Perempuan Pala* karya Azhari make ulikan mimetik. Dina éta panalungtikan kapanggih aya opat jenis aspék sosial dina carpon *Perempuan Pala* karya Azhari nyaéta konflik penderitaan masarakat Aceh jaman Walanda, konflik masarakat Aceh, kamerdikaan masarakat Aceh jeung perdamaian masarakat Aceh. Dina ieu panalungtikan dipedar ulikan mimetik jeung sosiologi sastra dumasar tiori Abrams, nu nétélakeun yén nalungtik karya sastra sakurangna aya opat pamarekan, nyaéta ekspresif, pragmatik, mimetik, jeung objéktif.

Geus réa nu ngayakeun panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra. Sawatara contona aya skripsi meunang Pepy Sri Anjasari (2015) anu judulna “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usep Romli H.M. pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” jeung aya ogé panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Windi Bahari (2018) ngeunaan Kritik Sosial dina Kumpulan Carpon *Jéruk* karya Lugiana De (Ulikan Aspék Sosiologi Karya Sastra).

Bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna nyaéta tina pamarekan jeung objék anu ditalungtikna. Panalungtikan meunang Pepy Sri Anjasari (2015) nyaéta objékna Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usep Romli H.M pikeun bahan ajar maca di SMP, jeung panalungtikan anu digarap ku Windi Bahari (2018) anu objékna Kumpulan Carpon *Jéruk*.

Ku kituna, ieu panalungtikan baris ngulik naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra kalayan judul “Naskah Drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar (Ulikan Sosiologi Sastra)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha aspek sosiologi karya nu ngawengku struktur naskah jeung struktur carita dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar?
- 2) Kumaha aspek sosiologi pangarang dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar?
- 3) Kumaha aspék sosiologi pamaca dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

## 1. Tujuan Umum

Dumasar rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngulik/medar ngeunaan aspek sosiologi pangarang, aspek sosiologi karya nu ngawengku struktur pangwangun jeung struktur naskah, ogé ngeunaan aspék sosiologi pamaca dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar.

## 2. Tujuan Husus

Ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis aspék sosiologi sastra nu patali jeung:

- 1) Aspék sosiologi sastra dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar;
- 2) Aspék sosiologi karya di antarana struktur pangwangun dina naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar; tokoh, peran, karakter, motif, konflik, peristiwa, alur, latar, ruang, gaya basa, téma jeung amanat jeung struktur naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar; babak, adegan, dialog, prolog, epilog, solilokui jeung aside.
- 3) Aspék sosiologi pangarang di antarana status sosial, ideologi politik sarta pribadi pangarang.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipalar bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap;

#### 1. Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana naskah drama “Tarung” karangan Nazarudin Azhar, ogé bisa ngeuyeuban jeung ngalegaan panalungtikan ngeunaan basa Sunda katut bisa ngaronjatkeun minat baca masarakat sangkan bisa terus ngaapresiasi karya sastra leuwih gemet deui.

#### 2. Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan dipalar bisa jadi inpormasi ngeunaan sosiologi sastra naskah drama *Tarung*.

## 1.5 Raraga Tulisan

Dina raraga tulisan baris dipedar ngeunaan struktur sistematika nulis skripsi, diantarana:

- 1) Bab I medar ngeunaan: (1) kasang tukang, mangrupa hal nu baris dipedar dina panalungtikan; (2) rumusan masalah, mangrupa idéntifikasi masalah nu baris ditalungtik; (3) tujuan panalungtikan, jawaban tina rumusan masalah; (4) mangpaat panalungtikan, kontribusi/nilai ajén nu bisa dihasilkeun tina panalungtikan; sarta (5) rangkay tulisan, struktur sistematika nulis skripsi.
- 2) Bab II medar ngeunaan: (1) sosiologi sastra, mangrupa konsép-konsép atawa téori-téori nu aya patalina jeung panalungtikan; (2) panalungtikan saméméhna, mangrupa hasil-hasil panalungtikan saméméhna nu jadi pangbéda jeung panalungtikan nu baris ditalungtik; (3) raraga mikir, mangrupa téori nu dijadikeun acuan pikeun meunangkeun hasil.
- 3) Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan, diantarana: (1) désain panalungtikan, mangrupa prosés panalungtikan; (2) data jeung sumber data, ngeunaan idéntitas sumber data anu dijadikeun sumber data dina panalungtikan; (3) téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data;
- 4) Bab IV medar ngeunaan eusi jeung bahasan panalungtikan.
- 5) Bab V medar ngeunaan: (1) kacindekan, inti tina sakabéh hasil nu ditulis; (2) implikasi; sarta (3) saran, saupama aya hal-hal nu teu saluyu atawa kritik kana tulisan jeung panalungtikan.